Shımbay rayonı 7-sanlı mektep 10-klass

## SHAQÍRÍWǴA SHEKEMGI BASLANǴÍSH TAYARLÍQ PÁNI

# TEMA: *Sap Ustavınıń tiykarǵı qaǵıydaları. Áskerdiń sapqa turıwdan aldıngı hám saptagı wazıypaları. Sap hám onıń elementleri*

**MAQSET**: *Oqiwshilarǵa Sap Ustavınıń tiykarǵı qaǵıydaları. Áskerdiń sapqa turıwdan aldıngı hám saptagı wazıypaları. Sap hám onıń elementleri haqqında túsinik beriw.*



**Pán muǵallimi: S.Bayekeev**

# SAP USRAVÍNÍŃ TIYKARǴÍ QAǴÍYDARÍ

Ózbekistan Respublikası Quralllı Kúshleriniń Sap Ustavında sapta turıw, quralllı hám quralsız háreket etiw;

kishi bólimshe hám áskeriy bólimniń piyada hám mashinalarda sap tartıwı, áskeriy sálemlesiwdi orınlaw, saplar kórigin ótkeriw tártibi;

áskeriy bólimniń Jawıngerlik bayraǵınıń saptaǵı halatı, onı alıp shıǵıw hám alıp ketiw tártibi;

áskeriy xızmetshilerdiń sapqa turıw aldındaǵı, sapqa turıwdaǵı wazıypaları, olardı sapta turıw hám júriwge úyretiw talapları, sonday-aq áskeriy xızmetshilerdiń sawash maydanında háreketleniw usılları hám dushpan tosattan hújim etken waqıttaǵı háreketlerin belgilep beredi.

*Uzbekistan Respublikası Qurallı Kúshleriniń bárlıq áskeriy bólimleri, shtabları, basqarmaları, mákemeleri, kárxanaları, shólkemleri hám áskeriy oqıw orınlarınıń Sap Ustavınan qollanba sıpatında paydalanıwı májbúriy etip belgilengen.*

*Ózbekistan Respublikası Qorǵanıw ministriniń 1996-jıl 14-oktyabrdegi 238-buyrıǵına muwapıq engizilgen.*

# Áskerdiń sapqa turıwdan aldıńǵı hám saptaǵı wazıypaları

Hárbir ásker sapqa turıw aldınan óziniń wazıypaların uqıplılıq penen kewildegidey anıq orınlawı kerek.

Sapqa turıw aldınan ásker: quralı, ózine bekitilgen qural-jaraq hám áskeriy texnika, oq-dári, jeke qorǵanıw quralları, qazıw quralı, kiyim-kenshek hám ánjamlarınıń sazlıǵın tekseriwi, kiyimlerin tuwrılap, ánjamların ózine maslastırıwı hám tuwrı taǵıwı, joldasına kemshiliklerdi dúzetiwde járdem beriwi, saptaǵı óziniń ornın biliwi, oǵan tez hám bosaspastan barıp turıwı, háreket waqtında tuwrı, aldıńǵı-arqa hám qaptal tárepleriпdegi aralıqtı saqlaǵan halda júriwi, Qáwipsizlik qaǵıydaların saqlawı, ruqsatsız sap (mashina)dan shıqpawı, sapta turǵan waqıtta sóylemewi hám shekpewi, komandirdiń komanda hám buyrıqlarına dıqqat penen qulaq salıwı, olardı basqalarǵa kesent bermey tez hám anıq orınlawı, buyrıq hám komandalardı basqalarǵa ózgertpesten bálent hawazda hám anıq jetkeriwi kerek.

# Sap hám onıń elementleri



*SAP* — áskeriy xızmetshiler, kishi bólimsheler hám bólimlerdiń ustavqa baylamslı, piyada hám mashinalarda birgelikte háreket etiw ushın ornalası

# Sap hám onıń elementleri




***SHERENGA*** (qaptalma-qaptal qatar) — áskeriy xızmetshilerdiń belgilengen aralıqtı saqlaǵan halda bir sızıqqa qaptalma-qaptal sap tartıwı. mashinalardıń bir sızıqqa qaptalma-qaptal sap tartıwı

# Sap hám onıń elementleri




*QANAT*— saptıń oń (shep) sheti. Sap bir tárepten ekinshi tárepke burılǵan waqıtta qanatlardıń atı ózgermeydi

# Sap hám onıń elementleri




***ALDÍ*** — saptıń askeriy xızmetshiler júzlenip turǵan (mashinalardıń aldı) tárepi.

# Sap hám onıń elementleri




***ARA*** — sapta qaptallasıp turǵan áskeriy xızmetshiler (mashinalar), bólimler hám vzvodlar arasındaǵı aralıq.

# Sap hám onıń elementleri




***ARQA*** — aldıǵa qarama-qarsı tárep.

# Sap hám onıń elementleri




***DISTANCIYA*** — sapta izbe-iz turǵan áskeriy xızmetshiler (mashinalar), bólimsheler hám bólimler arasındaǵı ara-qashıqlıq.

# Sap hám onıń elementleri




***SAPTÍŃ ENI*** — qanatlar arasındaǵı aralıq

# Sap hám onıń elementleri




***SAPTÍŃ UZÍNLÍGÍ*** — birinshi sherenga (aldında turǵan áskeriy xızmetshi)dan sońgı sherenǵa (aqırǵı turǵan áskeriy xızmetshi) arasındaǵı, mashinalar menen turǵanda bolsa, birinshi sızıqta (aldında) turǵan mashinalar menen sońgı (aqırǵı) sızıqta turǵan mashinalar arasındaǵı aralıq.

# Bekkemlew ushın sorawlar.

1. Sap Ustavı qashan hám kim tastıyqlanǵan?
2. Sap Ustavı qanday kárxana hám shólkemlerde qollanba sıpatında paydalanıwı májbúriy etip belgilengen.
3. Sapqa turıwdan aldıńǵı hám saptaǵı wazıypaları haqqında aytıp beriń?
4. Sap hám onıń elementleri haqqında neni túsinesiz?


Itibarıńız ushın raxmet!